


Alkitab kanggo murangkalih Nyanggakeun

Yesus Guru Agung



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
Byron Unger, Lazarus
Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: E. Frischbutter, Sarah S.

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2023 Bible for Children, Inc.


Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.





Yesus mangrupikeun guru anu hébat - anu pangsaéna. Jalma-jalma ngadéngékeun Anjeunna. Yesus marentah aranjeunna sing silih welas asih, nyaah tur bageur. Batur bisa ijid jeung mikanyeri aranjeunna, tapi Gusti bakal ngajaga maranéhna.






Yésus ngajarkeun
sagala rupa hal.
Ceuk manéhna,
umat Gusti teh
kedah nyaangan
dunya, kitu carana
lilin nyaangan imah.
Katingali pisan
bédana lilin di
kamar poék!



Jalma-jalma anu diomongkeun ku Yesus
percaya kana pamales kanyeri, "Panon
ganti panon, huntu ganti huntu."

Nanging Yesus ngajarkeun kahadean,
hampura jeung
mika cinta, komo
ka musuh.





Dina jaman Yésus, aya jalma-jalma nu pura-pura suci pisan. Nalika aranjeunna masihan artos ka pengemis, aranjeunna miwarang saurang niup tarompét supados sadayana ningali. "Laksanakeun sedekah ulah nepi katingali ku batur,

kukituna Gusti bakal males anjeun," saur Yesus.



Yesus ngajarkeun anu sami dina perkawis doa. Aya sababaraha urang anu ngadoa di tungtung jalan anu sibuk supados sadayana tiasa ningali sareng ngadangu aranjeunna. Aranjeunna teu paduli ka Gusti. Aranjeunna paduli ka anu dipikiran batur perkawis aranjeunna. Yesus nyebat eta teh jalma munapik - aktor palsu.



Yesus sering mangpaatkeun alam pikeun ngajelaskeun pangajaran-Na. Contona, Anjeunna nunjuk ka manuk.

"Rama di sawarga maraban eta manuk," saur-Na.


"Entong hariwang. Gusti ogé bakal masihan tuangeun anjeun."



"Malah Raja Suléman anu beunghar ogé henteu nganggo baju sapertos kembang bakung," saur Yesus. "Lamun Allah maparinan jukut tegal, moal Mantenna oge maparin ka maneh?" Yesus ngajar jalma pikeun percanten ka Allah Anu nyayogikeun sagala kabutuhan urang.



"Lamun anjeun ngahakiman dulur
anjeun sorangan, éta teh kawas
ngala serbuk tai ragaji
kaluar tina panonna
malaur anjeun aya
balok badag tina
panon anjeun
sorangan," ceuk
Yesus. Meureun
jalma seuri. Tapi
maranéhna kudu
mikir ngeunaan niat-Na.



Ceuk Yésus, jalma-jalma kudu ménta
tulang ka Gusti. Piraku bapa-bapa di
bumi masihan batu nalika budak lapar
menta roti? Henteu! Aranjeunna
masihan hal anu saé. Allah oge mere
hal nu hade ka
nu barang penta.




Yesus, guru agung, ngingetkeun ngeunaan guru-guru palsu. "Aranjeunna dianggean sapertos domba," saur Yesus. "Tapi di jero hatena, aranjeunna ajag!" Saur Mantenna guru palsu bakal dipikawanoh ku kahirupan maranéhanana hirup.



Dina hiji carita, Yésus némbongkeun yén jalma-jalma nu taat kana Firman Allah téh ibarat hiji jalma anu ngawangun imahna dina batu. Badai dahsyat timbul. Nalika réngsé, imah nangtung pageuh.



Tapi anu bodo mah ngawangun imahna dina pasir.
Nalika badai narajang, éta runtuh kusabab pondasi
anu lemah. Yésus nyarios kieu yén jalma-jalma nu
teu taat kana firman Allah téh kawas éta jalma.



Jalma-jalma teh reugreug ku omongan Yésus.
Aranjeunna henteu kantos nguping perkawis
sapertos kitu sateuacanna. Ayeuna
aranjeunna terang yen teu cekap
ngadangu Firman Allah wungkul.
Aranjeunna kudu taat unggal poé.



Yesus Guru Agung


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Mateus 5-7, Lukas 6

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130





| 42

||||| 60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

